

Wasta :

Kelas :

KALIMAH BARANG & KALIMAH PAGAWEAN

Pilih jenis kalimah nu saluyu (sesuai)!

1. Pa Maman téh supir beus antar kota.
2. Kiyai Sanusi mah pamingpin pasantrén di Sawangan.
3. Domba jalu dicangcang di buruan tukang.
4. Angkot nabrak bénténg pabrik tepi ka rugrug.
5. Ibu Mutia téh Ketua PKK di Désa Pasirhurip.
6. Rudi dititah ngumbah sapédah ku emangna.
7. Ibu Susana nuju ngadamel bolu kanggo lebaran.
8. Wahyu Wibisana téh pangarang Sunda nu kasohor.
9. Patani mimiti molah sawah sanggeusna usum hujan.
10. Lanceukna Rita téh koki di hotél luar nagri.
11. Bu Yani pamandu wisata di Kawah Putih.
12. Nia keur ngarang sajak mani bangun anteng.
13. Kuring maca carpon "Hapé" dina majalah Manglé.
14. Manéhna téa murid anu rajin di kelas.
15. Manéhna lila jadi padagang jambal roti di Pananjung.